



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-715

Sijè: POU BAY ELÈV KI GEN ALÈJI GRAV EPINEFRIN

Kategori: ELÈV

Pibliye: 22 out 2012

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-715 ki gen dat 30 me 2007 la.

#### Chanjman:

- Nou mete sou sitwèb Biwo Sante Lekòl *Office of School Health* ("OSH") la, preskripsiyan pèmanan pou enfimyè k ap travay nan lekòl Vil Nouyòk kapab bay elèv epinefrin san elèv la pa bezwen gen yon preskripsiyan medikal nan dosye lekòl la pou epinefrin. (Gade Seksyon III)
- Règleman sa a mete seksyon an ajou sou disponiblite epi-pen pou l gen ladan nouvo règleman Asosasyon Komite Lekòl Nasional la *National School Boards Association* ("NSBA"). (Gade Seksyon VIII).
- Yo mete non biwo yo ajou.



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-715

Sijè: POU BAY ELÈV KI GEN ALÈJI GRAV EPINEFRIN

Kategori: ELÈV

Pibliye: 22 out 2012

### REZIME

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk rekonèt ke reyakson alèji grav ki bay anaphylaxis la se yon pwoblèm medikal ijan ki ka tiye moun. Règleman sa a etabli yon plan pou redui risk pou elèv pa ekspose avèk pwoblèm sa a, epi pèmèt tretman avèk yon sèl dòz epinefrin grasa yon ti aparèy elèv la ka enjekte poukout li ("epi-pens"). Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-715 yo te pibliye 30 me 2007 la. Règleman an:

- mande pou yo bay tout enfimyè lekòl fòmasyon nan evalyasyon, jesyon ak tretman alèji sevè ak anaphylaxis, epi pou yo jwe yon wòl enpòtan nan kas kontwòl elèv ki gen risk anaphylaxis;
- pèmèt pou tout enfimyè k ap travay pou lekòl leta Vil Nouyòk bay nenpòt elèv ki gen yon reyakson alèji anaphylaxis epi-pen dapre preskripsyon pèmanan pou nenpòt pasyan an ki nan OSH la;
- oblige ke yo fòme omwen de manm estaf ki pa enfimyè pou bay yon epi-pen lè yon enfimyè pa disponib, nan nenpòt lekòl kote ki gen yon elèv ki gen yon Fòm pou ba medikaman nan dosye I pou epi-pen;
- pèmèt yon elèv pote yon epi-pen jan ajan sante I preskri I, si yo jije elèv sa a kapab bay tèt li medikaman.

### I. KONTÈKS

#### A. Anafilaksis

Anaphylaxis se yon kondisyon medikal ki ka tiye w ke moun ki gen alèji genyen lè yo fin ekspose avèk alèjèn espesifik. Anaphylaxis bay yon kantite sentòm ki afekte divès sistèm nan kò w. Sentòm sa yo gen ladan chofi, gratèl difikilte pou vale, tous, difikilte pou respire, kèplen, vantfèmal, chanjman nan kondisyon mantal, bès tansyon, chòk. Pi fò reyakson anaphylaxis nan lekòl se alèji manje ki koze yo, byenke medikaman, piki ensèk, oswa latex kapab koze anaphylaxis tou. Tan ant lè yon moun ekspose avèk alèjèn lan ak lè sentòm yo parèt kapab varye soti minit rive

plizyè èdtan; majorite reyakson rive nan espas inèdtan epi yo ka vin pi grav byen vit.

**B. Samaritains**

Risk pou yon timoun ekspoze avèk alèjèn vin pi piti lè lekòl ajans sante ak paran travay ansanm pou devlope yon plan kontwòl pou elèv la. Plan sa a ta dwe gen ladan ni metòd prevansyon ni metòd tretman nan ka timoun lan ta ekspoze avèk alèj lan pa aksidan. Lekòl ak paran sipoze gade pwosedi yo pou yo devlope yon plan pou kontwòl alèji ki ka tiye moun, dapre lwa reyabilitasyon seksyon 504.

Alèji manje se ka ki pi komen pou anaphylaxis nan timoun lekòl. Depatman Edikasyon pa ofri sèvis manje ni manje lekòl ki pa gen pistach, lèt pou elèv pa ekspoze pa aksidan, ni lòt pwodui ki pa gen alèjèn men ki ka toujou kontamine. Men, lekòl yo sipoze fè aranjman pou diminye risk yo pou elèv yo idantifye ki fè alèji grav.

**C. Enpòtan Epinefrin**

Enjeksyon Epinefrin se tretman prefere pou Anaphylaxis. Paske ti tan anaphylaxis ka pran pou l tiye w kapab piti, li ekstrèmman enpòtan pou bay Epinefrin lan alè. Risk pou anaphylaxis tiye w si w pa trete l pi gwo lontan pase risk pou yo ba w Epinefrin, menmsi yo bay yon moun ki pa gen yon reyakson anaphylaxis Epinefrin lan pa erè. "Epi-pen" lan se yon ti aparèy yo fè eksprè pou tout moun ka itilize pou bay tèt li yon sèl dòz epinefrin. Timoun ka itilize l tou poukонт yo lè doktè yo wè ke yo prè pou yo bay tèt yo medikaman. Efè epinefrin kòmanse disparèt apre 10-20 minit; donk li enpòtan anpil pou kontakte 911 imedyatman.

**D. Idantifikasiyon elèv ki gen alèji grav**

1. Paran responsab pou fè lekòl konnen si pitit yo gen alèji grav. Estaf lekòl la dwe pase enfòmasyon sa a bay estaf sante lekòl. Yon dwe kenbe yon fòm ki pèmèt yo bay timoun medikaman \Medication Administration Form (MAF) nan lekòl la. Yo ka jwenn fòm sa a nan lyen sa a: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/staying-healthy/allergies>.
2. Lekòl ak estaf sante sipoze afiche enfòmasyon timoun ki gen alèji nan dosye enfòmasyon apwopriye tankou dosye sante lekòl, ATS health alert, kat ble ijans.
3. Yo dwe ranpli Allergy Response Plan pou chak elèv. Ou ka jwenn fòm sa a nan link sa a: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/staying-healthy/allergies>.
4. Ajan medikal chak timoun ki gen alèji grav dwe ranpli fòm *Review of Student with Severe Allergies* lè li soumèt yon MAF avèk alèji grav. Ou ka jwenn fòm sa a nan link sa a: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/staying-healthy/allergies>.

## **II. LIABILITY**

Avèk posiblité konsekans fatal ki genyen lè yon timoun ki bezwen epinefrin pa resevwa li, anplwaye ki jwenn fòmasyon dapre règleman sa a pa sipoze dekoraje pou yo pa bay yon epi-pen poutèt yo pè pou moun pa pousuiv yo lajistis. Depatman Dwa Vil Nouyòk aksepte pou defann ak dedomaje nenpòt anplwaye yo pousuiv lajistis apre li te fin bay yon epi-pen dapre règleman sa a.

Anplis, lè yon enfimyè oswa yon doktè lekòl bay yon adilt oswa yon moun ki pa elèv lekòl la ki pa gen dosye medikal nan lekòl la epi-pen ann ijans, pandan se pa djòb y ap fè, Lwa Bon Samariten NYS Public Health Law § 3000A kouvri yo.

## **III. PRESKRIPSYON KI PÈMÈT YO BAY EPINEFRIN**

Ou ka jwenn preskripsiyan pèmanan pou enfimyè k ap travay nan lekòl Vil Nouyòk kapab bay elèv epinefrin san elèv la pa bezwen gen yon preskripsiyan medikal nan dosye lekòl la pou epinefrin lè w klike link pi ba a:

<https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/standing-order-for-administration-of-epinephrine-for-nurses.pdf>

**Preskripsiyan pèmanan pou enfimyè lekòl oswa estaf ki jwenn fòmasyon kapab bay elèv epinefrin pa disponib pou elèv ki gen yon preskripsiyan medikal pou epinefrin nan dosye<sup>1</sup>:**

Dèke enfimyè oswa estaf lekòl la ki gen fòmasyon an rekonèt reyakson alèji grav oswa anaphylaxis, yo sipoze bay yon epi-pen dapre fòm MAF elèv la.

## **YO DWE RELE EMS IMEDYATMAN**

## **IV. TRENING**

### **A. Identifikasiyon pèsonèl lekòl la**

1. Pou elèv ki pa ka bay tèt yo epi-pen, se responsabilite enfimyè lekòl la an premye pou ba yo li. Sepandan, paske enfimyè lekòl la pa disponib tout tan lè gen yon reyakson anaphylaxis, yo dwe fòme pèsonèl lekòl nan ka yon elèv ki gen yon Fòm Medikaman nan dosye pou yo ba l epi-pen ta ap soufri yon

---

<sup>1</sup> Gade Règleman pou yo bay Medikaman nan Lekòl *Guidelines for Administration of Medication in Schools*, NY State Education Department, University of the State of New York, Avril, 2002, avèk lèt klarifikasyon, "Use of Epinephrine Auto-injector Devices in the School Setting" NY State Education Department, University of the State of New York, jen 2002, ki fè konnen: Yon estaf lekòl yo rele pou yon sitiyasyon ijans kapab bay epinefrin avèk epi-pen ke yon ajan sante ki gen lisans preskri yon elèv yo konnen byen ki gen alèji grav ki bezwen yon ajan tretman anaphylaxis. Sa ka fèt dapre Medical Practice Act (Education Law § 6527[4][a]) ak Nurse Practice Act (Education Law § 6908 [1][a][iv]) epi "Good Samaritan Law" (Public Health Law 3000-a) kouvri sa ."

alèji grav oswa yon reyakson anaphylaxis epi li pa kapab ba tèt li medikaman.

2. Direktè lekòl la, an kolaborasyon avèk estaf sante lekòl la ap chwazi ki moun ki pa pèsonèl medikal sipoze jwenn fòmasyon pou bay epi-pen, selon sikonstans endividiyèl lekòl la ak elèv yo. Direktè a dwe asire ke gen de moun ki jwenn fòmasyon ki toujou didponib (apa enfimyè a) pou bay elèv yo konnen ki gen risk pou anaphylaxis yon epi-pen lè enfimyè a pa la, dapre konsiderasyon sa yo:
    - a. Lekòl la dwe chèche volontè dabò;
    - b. Pwofesè elèv klas primè ki gen fòm pou bay medikaman pou epinefrin dwe jwenn fòmasyon. Pou timoun pi gran, espesyalman nan lekòl presegondè ak lekòl segondè kote elèv pa rete nan yon sèl salklas, sikonstans endividiyèl ap detèmine ki estaf ki pi bon pou bay fòmasyon.
    - c. Anplis pwofesè, direktè lekòl la ak/oswa lòt administratè dwe jwenn fòmasyon pou kapab genyen yon sipèviziè ki gen fòmasyon nan lekòl la nenpòt lè gen yon elèv yo konnen ki gen alèji nanaphylaxis nan lekòl la.<sup>2</sup> estaf ki la nan kafeterya a nan lè manje yo, (pou elèv ki fè alèji avèk manje) èd pou sante, parapwofesyonèl, estaf ki nan lakou/rekreyasyon, etc. Kapab gen bezwen pou fòme estaf anplis pou aktivite ak pwogram aprelekòl, jounen lekòl, etc. Lekòl ka mande fòmasyon anplis osw resiklaj si yo bezwen.
    - d. <sup>1</sup> Direktè a dwe asire ke gen estaf ki gen fòmasyon disponib nan lekòl la menmsi estaf transfere, pa vin travay, oswa kite lekòl la. Anplis, si yon elèv transfere nan yon lòt lekòl, direktè lekòl ak ekip sante kote elèv la soti a, dwe mete direktè ak estaf sante kote elèv la ale a konnen bezwen elèv la.
  3. Direktè a sipoze gen enfòmasyon tou sou kiyès ki gen fòmasyon pou bay epi-pen epi si yo antre plas kote yo kenbe epi-pen yo nan plan serite lekòl sou entènèt *online School Safety Plan*. Direktè yo dwe asire ke sistèm komunikasyon entèn lekòl la ka rele yon moun ki te jwenn fòmasyon yo sou plas kote ki gen yon ijans.
- B. Fòmasyon pèsonèl lekòl
4. Pou ka asire ke tout enfimyè resevwa menm konesans yo, se Pwogram Sante Lekòl k ap bay yo fòmasyon pou yo ka konnen kijan pou prevni ak rekonèt reyakson alèji grav ak anaphylaxis, jere elèv ki gen alèji grav yo nan lekòl la, bay epi-pen, konsève ak jete e-pen jan yo dwe fèl, pran swen pasyan an jiskaske èd (911) rive, ak fòme lòt pèsonèl nan lekòl la apresa.
  5. Nan lekòl kote gen yon timoun ki gen yon Fòm Medikaman pou epi-pen,

---

Direktè lekòl la sipoze mande etaf ki jwenn fòmasyon sou itilizasyon Automated External Defibrillators (AED) si yo vle jwenn fòmasyon tou sou fason yo bay epi-pen.

enfimyè, doktè lekòl la oswa lòt pwofesyonèl apwopriye, ap fòme lòt estaf lekòl la yo idantifye dapre seksyon avan an pou prevni ak rekonèt reyaksyon alèji grav ak anaphylaxis, bay epi-pen, konsève ak jete epi-pen jan yo dwe fèl, pran swen pasyan an jiskaske èd (911) rive, ak jere elèv ki gen alèji grav yo nan salklas yo ak nan lekòl la

6. Pwofesyonèl sante lekòl ap bay nenpòt estaf lekòl fòmasyon ak resiklaj nenpòt lè yo mande sa, men omwen y ap fòme/refòme lòt estaf ki pa estaf sante chak ane depi gen elèv nan lekòl la ki gen yon fòm medikal pou yo ba yo epinefrin. Tanpri al gade dokiman ki gen tit "Training Program for Unlicensed school personnel to Administer epinephrine by Auto-injector in life threatening situations." Ou ka jwenn fòm sa a nan link sa a: <https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/training-program-for-unlicensed-school-personnel-to-administer-epi.pdf>
7. Si pa gen enfimyè oswa doktè nan lokal la pou fòme estaf lekòl, direktè lekòl sipoze kontakte Borough Nursing Director, Field Support Center Health Director, oswa Office of School Health nan 347-396-4714 pou aranje yon fòmasyon pou estaf lekòl atravè Pwogram Sante Lekòl.

**V. REPONN YON IJANS**

- A. Enfimyè lekòl la oswa estaf ki gen fòmasyon dwe reponn ijans yon elèv ki gen Preskripsyon pou Bay Medikaman pou Epi-pen imedyatman. Si gen siy anaphylaxis, yo dwe bay epi-pen dapre règleman sa a ak fòmasyon yo te bay estaf lekòl la.
- B. Dèke yo bay yon epi-pen, yo dwe rele 911 imedyatman pou fè Emergency Medical Services (EMS) konnen. Pami enfòmasyon y ap rapòte bay EMS yo, yo dwe fè konnen sa ki pase a/a ki lè/ ki dòz/ ki bò yo pike epi-pen lan. Si de moun reponn pou ijans lan, youn dwe bay epi-pen lan pandan lòt ap kontalte EMS. Si yon manm estaf poukонт li, li dwe bay epi-pen lan dabò, epi apre, manm estaf la sipoze kontakte EMS/911 imedyatman.
- C. Yo dwe fè paran/gadyen elèv yo bay epi-pen lan konnen pi vit posib.

**VI. ELIMINASYON EPI-PEN KI ITILIZE DEJA**

Mete epi-pen ki fin itilize a nan bwat li te vini an epi jete l nan yon bwat ki fèt pou jete bagay file. Si pa gen yon bwat pou jete bagay file disponib, jete epi-pen lan nan yon kontenè enpèmeyab, epi remèt Estaf EMS yo li lè yo rive.

**VII. APWOVIZYONMAN EPI-PEN**

- A. Paran yon elèv ki gen Fòm pou yo Bay Medikaman pou epi-pen dwe founi lekòl la aparèy epi-pen lan. Yo rekòmande pou yo founi de epi-pen; dezyèm lan kòm yon rezèv nan ka premye a pa ta fonksyone byen, oswa pou bay yon dòz anplis si sa nesesè. Yo dwe founi epi-pen yo nan pake orijinal yo jan yo soti nan famasi a. Yo

rekòmande pou yo bay lekòl la epi-pen menmsi elèv la kapab bay tèt li epi-pen.

- B. Tout lekòl ki gen enfimyè ladan yo chak jou sipoze gen yon epi-pen chak dimansyon (jan sa apwopriye pou timoun ki nan lekòl la, pa egzanp, 1 epi-pen ak/oswa 1 epi-pen ‘junior’) disponib pou sitiyasyon ijans ak/oswa pou sèvi kòm rezèv. Biwo Sante Lekòl ap founi lekòl sa yo epi-pen yo.

**VIII. DISPONIBLITE EPI-PEN**

- A. Yo dwe konsève medikaman pou ijans nan yon plas ki an sekirite, ki apwopriye, men ki fasil pou pèsonèl ki gen otorizasyon jwenn aksè rapid pou sove vi. Yo sipoze idantifye avèk presiyon kote y ap jwenn medikaman pou yon elèv nan yon plan jesyon alekri endividylè. Tout moun ki gen pou wè avèk swen elèv la sipoze konnen kibò yo kenbe medikaman an. Yo pa sipoze kenbe epi-pen lan nan yon kote ki klete. Pou aktivite andeyò salklas la tankou klas gym ak jounen lekòl, yo sipoze pote epi-pen lan nan yon bwat kit ijans ki nan men yon manm estaf ki gen fòmasyon. Yo sipoze kenbe epi-pen yo nan yon kote ki pre elèv la nenpòt lè ka gen yon reyasyon avèk alèjèn (egzanp salklas, salmanje, lakou rekreyasyon, etc.).
- B. Nan ka kote yon elèv kapab, elèv la sipoze kenbe epi-pen lan (de ta pi bon) avèk li tout tan. Elèv la sipoze pote epi-pen lan(yo) nan tout aktivite ki andeyò lekòl la (tankou jounen lekòl, etid-travay)

**IX. KONSÈVASYON AK RANPLASMAN EPI-PEN**

- A. Epinefrin estab epi yo sipoze kenbe I nan tanperati ki anndan kay la jis dat ekspirasyon ki sou li a. Yo pa sipoze kenbe epi-pen nan flann solèy, nan gwo chalè oswa nan frijidè. Yo sipoze ranplase epi-pen yo avèk sa ki tou nèf, avan dat ekspirasyon yo oswa lè yo fin itilize yo oswa si yo jete yo pa aksidan. Likid ki anndan epi-pen la sipoze klè, san koulè. Si l chanje koulè oswa si li vin mawon, yo pa sipoze itilize I, epi yo dwe ranplase I.
- B. Paran yon elèv ki gen Fòm pou yo Bay Medikaman pou epi-pen dwe responsab pou ranplanse yon epi-pen ki ekspire oswaa ki chanje koulè. Estaf lekòl la dwe konnen dat ekspirasyon an epi kominike avèk paran pou ranplase epi-pen yo lè sa nesesè.

**X. KONSÈVASYON DOSYE**

- A. Yo dwe kenbe yon dosye ki gen tout moun yo te bay epi-pen. Li dwe genyen non moun ki resevwa epi-pen lan, dat la, lè a, dòz la, kibò yo pike moun lan, ki kote sa te fèt, ki sentòm yo te wè, non enfimyè a oswa moun ki bay dòz epi-pen lan, mak ak nimewo estòk epinefrin lan ak nòt ke yo te kontakte EMS. Nan lekòl ki gen enfimyè, se limenm ki pou kenbe enfòmasyon sa a nan dosye sante elèv la. Si se yon estaf lekòl ki bay epi-pen lan paske enfimyè a pa la, estaf lekòl la dwe ekri enfòmasyon sa yo pou l remèt enfimyè a lè l retounen. Nan lekòl ki pa gen enfimyè, direktè a dwe kenbe enfòmasyon sa a.
- B. Yo dwe prepare yon rapò sou sa ki rive a sou entènèt lè yo bay yon epi-pen.

**XI. SUIVI**

- A. Depi sa posib, enfimyè a sipoze rapòte enfòmasyon osijè epi-pen lan yo bay elèv la bay ajan sante pèsonèl elèv la.
- B. Enfimyè lekòl la oswa direktè lekòl la, jan sa apwopriye a, sipoze kontakte paran an nan demen pou konnen kòman timoun lan ye ak ki suivi medikal ki nesesè.
- C. Estaf sante ak estaf lekòl la ki anchaj dwe pase repons sou sa k pase anrevi pa pou swen y ap bay elèv endividyèl la sèlman, men tou pou lòt ka konsa ki ka rive nan tout lekòl la. Selon gravite sitiyasyon an, ak twoub sa k pase a te pwovoke, li ka nesesè pou gen chita pale, ekip repons desas ak sante mantal ale nan lekòl la.
- D. Yo dwe aranje ranplasman epi-pen yo itilize a pi vit posib atravè paran an oswa Pwogram Sante Mantal jan sa apwopriye.

**XII. DEMAND RANSÈYMAN**

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo bay:

Office of School Health - DOE/DOHMH

Director, Nursing Services

42-09 28<sup>th</sup> Street

Queens, NY 11101

Telefòn: 347-396-4714

Faks: 347-396-4767